# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी लखनऊ में तीनि मंजिला इमारत गिरले के दुरघटना में जान गंवावे वाले हर मृतक के परिजन के दुइ लाख रूपिया क अनुग्रह रासि दिहले क घोसणा कइले हवें। सथहीं घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया दीहल जाई। प्रधानमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये घटना पर दुख जतावत घाही लोगिन के जल्दिये स्वस्थ भइले क कामना कइले हवें।

लखनऊ के ट्रांसपोर्टनगर में काल्हि हरमिलाप नांव क तीनि मंजिला इमारत ढहि गइल। येह दुरघटना में आठ लोगिन क मउति हो गइल जबकि दुइ दरजन से बेसी लोगि घाही हो गइलें। अजुओ दिन में ओहवां राहति अउर बचाव कार जारी रहल। पुलिस बतवलसि कि इमारत के करीब चारि साल पहिले बनावल गइल रहे।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के लोकबंधु श्री राजनारायण संयुक्त चिकित्सालय क दौरा कइ के दुरघटना में घाही लोगिन से मुलाकाति कइलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि कठिन समय में प्रदेस सरकार पीड़ितन अउर उनके परिजनन के साथे पुरहर तत्परता अउर संवेदनसीलता के साथे खड़ी हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अंबेडकरनगर जिला में एक हजार दुइ सौ एकतीस करोड़ रूपिया क छौ हजार सात सौ अठहत्तर परियोजना क लोकापरण अउर सिलान्यास कइलें। सथहीं युवक अउर मंगल दल के सदस्यन के स्पोर्ट्स किट बंटलें। जिला के कटेहरी विधानसभा में भइल येह कार्यक्रम के दौरान जनसभा के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार आठ हजार दुइ सौ से बेसी क पुलिस भरती प्रक्रिया पूरा भइले के बाद चालीस हजार अउरियो पुलिस क भरती करी। एहमें दस हजार महिला लोगिन क भरती कइल जाई।

मुख्यमंत्री महाराजा सुहेलदेव के व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर रोसनी डरलें अउर लोगिन से विकास क अनुगामी बनले क अपीलि कइलें। उहां के कहलीं कि ऊ महाराजा सुहेलदेव क किला के पुररूद्धार बदे एएसआई से बातचीत करबि। उहां के प्रदेस में मजबूत कानून व्यवस्था क चरचा करत बिपक्षी दलन पर अपराध अउर तुस्टीकरण के संरक्षण दिहले क आरोपो लगवलीं।

एहसे पहिले गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में मुख्यमंत्री भिन्नहीं जनता दरबार में करीब चारि सौ लोगिन क समेस्या सुनलें। उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहलीं कि जनता क हर समेस्या के संवेदनसीलता से लिहल जाए अउर उनके समाधान बदे जुरते परभावी कार्रवाई कइल जाये के चाही। उहां के कहलीं कि जन समेस्या के निस्तारण में कउनहूं स्तर पर लापरवाही मिलल त सम्बन्धित जिम्मेदार के खिलाफ कठोर कार्रवाई तय हौ।

**********

आजु अन्तर्राष्ट्रीय साक्षरता दिवस हौ। एकर आयोजन हर मनई, समुदाय अउर समाज बदे साक्षरता के महत्व के ओरि धियान आकरसित करे बदे कइल जाला। येह बरिस क बिसय हौ–बहुभाषीय शिक्षा संवर्धन आपसी समझ और शान्ति के लिये साक्षरता। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये येह दिसव क बधाई दिहले हवें। उहां`क कहलीं कि साक्षरता, सभ्य, ससक्त अउर समृद्ध समाज क आधारसिला हौ।

**********

भारतीय स्टेट बैंक फाउंडेशन, आशा छात्रवृति कार्यक्रम के तहत दस हजार मेधावी विद्यार्थियन के ओजीफा देई। ई रासि छठवीं कक्षा से स्नातकोत्तर ले बंचित वर्ग के विद्यार्थियन के दीहल जाई। येह कार्यक्रम में पनरह हजार से दुइ लाख रूपिया ले क आरथिक सहायता सामिल हौ। ई ओजीफा अनुसूचित जाति अउर जनजाति के विद्यार्थियन के आईआईटी, आईआईएम अउर बिदेस में पढ़ाई बदे दीहल जाई। इच्छुक विद्यार्थी येह बेरिस पहिली अक्टूबर ले फाउंडेसन के वेबसाइट एसबीआईएफ आशा स्कॉलरशिप डॉट ओआरजी पर आवेदन कइ सके लें।

**********

पूरा प्रदेस में सक्रिय टीबी रोगी खोजी एसीएफ अभियान बिहने से सुरू होई। ई बीस सितम्बर ले चली। येह दौरान तीनि सदस्यन वाली स्वास्थ्य टीमि घरे–घरे जा के टीबी क लक्षण वाले मरीजन के खोजी। येह मरीजन के टीमि के ओरि से टीबी क जांचि बदे प्रेरित कइल जाई। जांचि के बाद टीबी क जवन पुस्ट रीगी मिलिहें उन्हें इलाज आ अउरियो सरकार सुविधा दीहल जाई। गोरखपुर क जिला क्षय उन्मूलन अधिकारी डॉक्टर गणेश यादव बतवलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बरिस दुइ हजार पचीस ले टीबी उन्मूलन क प्रतिबद्धता जतवले हवें। एके पूरा करे बदे नया टीबी रोगियन क जल्दी जांचि अउर इलाजो पर जोर हौ। येह अभियान में धरमगुरू समाजो क मददि लिहल जाई।

**********

प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार दुइ हजार पचीस बदे नामांकन येह महिन्ना के पनरह तारीख ले कइल जा सकी। महिला अउर बाल विकास मंत्रालय हर बरिस जनौरी में येह पुरस्कार समारोह क आयोजन करे ला। विजेता लोगिन क घोसणा येह बरिस छब्बीस दिसम्बर के वीर बाल दिवस पर कइल जाई। येह पुरस्कार क उद्देस्य लइकन क ऊर्जस्विता, संकल्प, क्षमता अउर उत्साह के सम्मानित कइल हौ। पुरस्कार बदे पांच सालि से आठ सालि ले क उमिरि क लइका पात्र हवें। नामांकन राष्ट्रीय पुरस्कार क आधिकारिक वेबसाइट के जरिया से कइल जा सकी।

**********